



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



30 Jen 2020

Bonjou Fanmi ak Anplwaye nou yo,

Sante, sekirite, ak byennèt kominote lekòl nou an se pi gwo priyorite pou Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon, fakilte ak anplwaye nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan. Distri a gen règleman anplas pou adrese byennèt tout elèv ak anplwaye yo. Règleman 8451 a adrese Kontwòl Maladi Kontajye yo. Kòm yon distri, nou te siveye alèt yo ki soti nan Depatman Edikasyon New Jersey, Depatman Sante New Jersey, ak Sant pou Kontwòl Maladi yo.

Vandredi 26 Jen 2020 an, Gouvènè Murphy te anonse ke lekòl la ap relouvri nan mwa Septanm lan, pandan ke n'ap kenbe nan tèt nou prekosyon medikal yo pou asire sekirite tout elèv ak anplwaye yo. De semèn anvan anons la, mwen te kòmanse pwogram senaryo posib ki gen rapò ak retounen nan lekòl la. Kòm ou konnen, nou dwe byen panse estratejikman avèk anpil senaryo. Konsa, Retounen nan Plan Lekòl la ap enkòpore vwa anplwaye yo, Manm Konsèy Depatman Edikasyon an, ofisyèl sante yo, ak fanmi yo. Reprèzantan sa yo pral evalye règleman eta a ak kondisyon ke Gouvènè Murphy te libere pou bay opinyon ak rekòmandasyon nan plan reouvèti distri a. Jan Gouvènè Murphy te declare li, "pa gen yon sèl apwòch ki adapte ak tout defi inik ke chak lekòl nan yon distri fè fas atravè eta a."

Komite pou Reouvèti Lekòl la pral panche sou domèn sa yo:

- 1) Aprantisaj Sosyal Emosyonèl (SEL)
- 2) Pwogram Kourikoulòm
- 3) Sante ak Sekirite
- 4) Teknoloji
- 5) Finansman
- 6) Atletik, Ko-Kourikoulòm osi byen ke Pwogram Anvan ak Apre Lekòl yo
- 7) Enstalasyon ak Operasyon
- 8) Transpò Obligatwa pou Elèv yo

Nan kèk jou k'ap vini yo, mwen pral lanse yon Google Sheet (Fèy sou Google) pou envite patnè (moun ki gen enterè) yo nan kominote a pou yo sèvi kòm volontè pou chita nan Komite Reouvèti Lekòl la. Li enpòtan pou note, ke reyinyon sa yo pral vityèl pou asire sante ak sekirite tout patisipan yo. Pral gen yon seri de diskisyon konsènan uit endikatè ki anwo yo. Sonje byen, nou pa ka fè'l san sipòte patnè yo nan kominote a epi egzekite'l. Tanpri make kalandriye w pou sa: reyinyon vityèl sa yo pral kòmanse fèt 9 Jiyè. Li enpòtan pou note ke pandan ke plan chak distri pral diferan akòz yon varyete sitiyo ki pa menm, li rete sèten ke tout plan yo ap bezwen itilize yon balans ant aprantisaj tradisyonèl souplas ak aprantisaj vityèl (a distans). Mwen rete sèten ke konvèsasyon ki pral soti nan reyinyon sa yo pral pèmèt genyen yon plan ki pral asire pwogrè akademik pou elèv ke n'ap sèvi yo.

Mwen vle di w mèsè anpil pou sipò kontinyèl ou nan Lekòl Piblik Vil Orange lan. Yon lòt fwa ankò, nou pran angajman pou nou asire sante ak sekirite tout patnè/sitwayen kominote a ki antre nan pòt nou yo. N'ap poste/sfiche enfòmasyon mizajou (ki pi resan) yo ki gen rapò avèk Koronaviris la ansanm ak mezi prevansyon yo sou sit entènèt distri a, nan www.orange.k12.nj.us, sou Paj Resous COVID-19 la. Nou pral kontinye mete sit entènèt distri a ajou kòm sadwa pandan ke plis enfòmasyon ap vin disponib pi fasil.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo